



# UNHCR

L'Agence des Nations Unies pour les réfugiés

# KIYÈS KI KAPAB JWENN AZIL NAN PEYI KANADA?

OU DWE RIVE DEMONTRE OU PA KAPAB RETOUNEN NAN PEYI KOTE'W FÈT LA (OUBYEN PEYI KOTEW REZIDE A) PASKE'W PÈ SIBI PÈSEKISYON POU OMWEN YOUN NAN REZON SA YO :

## 1. RAS OSINON NASYONALITE



Egzanp: gwoup etnik osinon lengwistik

## 2. RELIJYON



Egzanp : Relijyon ki gen mwens moun parapò lòt yo, moun ki konvèti nan yon lòt relijyon

## 3. SIW FÈPATIYON GWROUP SOSYAL



Egzanp : oryantasyon seksyèl, idantite ki chita sou seks moun nan, vyolans seksyèl ak seksis, fanmi

## 4. OPINYON POLITIK



Egzanp : jounalis/moun ki ekri sou blog yo, defansè dwa moun, moun ki nan opozisyon parapò ak yon gouvènman (kelkeswa se jan yo wèl lan oubyen li ta sa vre)

OSINON SI OU PÈ YOUN NAN KA SA YO :

## 1. RISK POU LAVI/TRÈTMAN KRIYÈL INIMEN



Risk pèsònèl (egzanp viktik zak kriminel oubyen vanjans) ki pa konsène tout popilasyon an nan fason jeneral

## 2. RISK YO TÒTIRE'W



Soufrans fizik ak mantal ki grav anpil nan men otorite yo (oubyen sou lòd yo bay/ ak pwòp konsantman yo) pou yo chache enfòmasyon oubyen kòm pinisyon